

Sa Ou Dwe  
Konnen Apre  
Ou Pran Vaksen  
Moderna kont  
COVID-19 Ou a



**NYC VACCINE FOR ALL:**  
**SAFE, FREE, EASY**

[nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine)

## **Anvan ou kite sit vaksinasyon an:**

- Si se te premye piki ou, pran randevou pou dezyèm piki w lan.
- Asire ou ke ou jwenn yon kat vaksinasyon ki gen non vaksen ou te pran an ak dat ou te resevwa li. Pote kat la nan randevou pou dezyèm dòz ou a. Fè foto li oswa fè yon kopi li, epi kenbe orijinal la nan yon kote ki an sekirite.

## **Ki efè segondè vaksen an?**

Efè segondè ki komen yo se doulè oswa anfleman nan bra kote ou te pran piki a, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Gen efè segondè pi souvan apre dezyèm dòz la epi mwen souvan lakay granmoun ki pi aje yo. Efè segondè yo anjeneral:

- Leje rive modere epi yo dire anviwon youn rive de (2) jou
- Kòmanse nan lespas twa premye jou yo apre vaksinasyon an (jou apre vaksinasyon an se li ki pi komen)

## **Ki sa mwen ta dwe fè si mwen genyen efè segondè?**

Rele pwofesyonèl swen sante ou si ou gen efè segondè ki ba ou enkyetid ou oswa ki pa ale apre kèk jou, oswa si woujè oswa doulè kote ou te resevwa piki a ogmante apre 24 èdtan. Pale ak pwofesyonèl swen ou sou nesesite pou pran yon medikaman san preskripsyon, tankou asetaminofèn (Tylenol) oswa ibipwofèn (Advil).

● ● ●

**Pran dezyèm piki a menm si ou genyen efè segondè apre premye piki a, sof si pwofesyonèl swen ou di ou pa fè sa.**

● ● ●

Ou ka rapòte efè segondè yo nan zouti pou telefòn entèlijan v-safe Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nan **[vsafe.cdc.gov](https://vsafe.cdc.gov)**. Ou kapab rapòte efè segondè yo nan Sistèm Rapò Efè Negatif Vaksen an (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS) tou, ke CDC a ak Administrasyon Manje ak Medikaman an ap jere, nan **[vaers.hhs.gov/reportevent.html](https://vaers.hhs.gov/reportevent.html)** oswa lè ou rele 800-822-7967. Enfòmasyon ou rapòte yo ap rete konfidansyèl.

**Genyen yon risk tou piti pou enflamasyon nan kè (myokadit) oswa nan tisi ozalantou kè a (perikadit) apre ou pran vaksen Moderna a. Chèche swen medikal si ou genyen sentòm sa yo nan yon peryòd yon semèn apre vaksinasyon an:**

- Doulè nan pwatrin
- Souf kout
- Kè ki bat vit, palpitasyon oswa kè k ap bat fò

Di pwofesyonèl swen sante a ou te resevwa vaksen Moderna a.

## **Èske li posib pou gen yon reyaksyon alèjik a vaksen an?**

Reyaksyon alèjik pou piki a ra epi jeneralman yo kòmanse nan kèk minit jiska inèdtan apre ou pran piki a. Si yon reyaksyon alèjik grav gen ladan difikilte pou respire, enflamasyon nan figi ak nan gòj, batman kè rapid, yon gratèl nan tout kò ou, vètij ak feblès. Si ou panse ou genyen yon reyaksyon alèjik grav, rele **911** oswa ale nan lopital ki pi pre ou a.

## **Èske dezyèm dòz la dwe menm tip vaksen ak premye dòz mwen an?**

Wi. Pliske premye dòz ou a se Moderna, dezyèm dòz ou a dwe Moderna tou.

## **E si mwen pa kapab ale nan randevou dezyèm dòz mwen an?**

Ou ta dwe ranvwaye randevou ou a pou kou sa posib apre sa. Pran dezyèm dòz ou a kèlkeswa kantite tan ki te pase depi premye dòz ou a.

## **Kimoun ki ta dwe pran yon twazyèm dòz oswa yon rapèl nan vaksen an?**

Moun ki gen defisyans iminitè modere rive grav akòz yon pwoblèm oswa tretman medikal ta dwe pran yon twazyèm dòz apre dezyèm dòz yo a.

Tout moun ki kalifye ta dwe pran piki rapèl. Si ou te resevwa de (2) dòz Pfizer epi ou gen omwen 18 an, ou kapab pran yon piki rapèl Pfizer oswa Moderna apre dezyèm dòz ou a. Timoun ki gen ant 12 ak 17 an gen dwa pran rapèl Pfizer a sèlman.

Pou plis enfòmasyon, ale sou **[on.nyc.gov/third-dose-vs-booster](https://on.nyc.gov/third-dose-vs-booster)**.

## **Kilè vaksen an kòmanse travay?**

Byenke ou ka jwenn yon sèten pwoteksyon apre premye dòz la, vaksen an pi efikas apre de (2) dòz yo e li pi efikas toujou apre yon piki rapèl.

Yo konsidere ou ajou avèk vaksen ou yo apre de (2) dòz Moderna (plis yon twazyèm dòz, si ou kalifye) ak yon piki rapèl.

## **Èske yo pral voye yon bòdwo ban mwen pou vaksen an oswa vizit swen sante a?**

Non. Si ou genyen asirans, yo gendwa voye fakti ba li, men yo pa pral mande ou peye ni kopeman ni okenn lòt frè pou vaksen an.

## **Èske enfòmasyon pèsònèl mwen pwoteje?**

Enfòmasyon pèsònèl ou yo konfidansyèl epi yo pwoteje. Yo pral pataje enfòmasyon debaz sou ou (tankou non, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, ras ak etnisite, dat vaksinasyon, ak vaksen ou te resevwa) avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (Depatman Sante NYC) jan lalwa egzije sa.

## **Èske mwen ka sispann pran lòt prekosyon COVID-19 apre mwen pran vaksen an?**

**Yon fwa ou fin vaksinen nèt,** ou kapab fè kèk aktivite san ou pa mete mask, patikilyèman nan espas deyò yo. Sepandan, nou rekòmande ou kontinye mete mask ou nan tout anviwònman piblik andedan yo pou pwoteje tèt ou ak lòt moun yo. Epitou, ou dwe swiv egzijans pou mask yo nan nenpòt kote ou ale, tankou yon biznis, lekòl, oswa nan kote ou ap travay la, ak pandan ou nan transpò piblik.

**Ki kote mwen ka  
jwenn plis enfòmasyon?**



**Depatman Sante NYC:**  
[nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine)

**Depatman Sante Eta New York:**  
[covid19vaccine.health.ny.gov](https://covid19vaccine.health.ny.gov)

**CDC:**  
[cdc.gov/covidvaccine](https://cdc.gov/covidvaccine)



**E si mwen gen lòt kesyon?**  
Rele pwofesyonèl medikal ou oswa **311**.



Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo  
pandan sitiyasyon an ap evolye. **2.16.22**